**Дарсил тема:Эффенди Капиев «Сабаб»**

**Малъиялъул мурад:**

**1.Ц1алул бажари борхизаби.**

**2.Литературияб тексталъул кьуч1алда Ват1ан хиралъиялъул асар лъималазулъ ц1ик1к1инаби.Щивав чиясе рагъда хвалдаса ц1унулеб г1умруялъул сабаблъун гьесул бах1арчилъи бук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1изаби.**

**3.Хабарияб асаралъул г1адатияб анализ гьабизе лъималазда малъи.Къокъго ва тексталде г1агарун ,х1асил бицине бажари камил гьаби.**

**Дарсил ин:**

I. **Дарсиде х1адурлъи.**
II. **Рокъобе кьун бук1араб х1алт1ул ц1ех-рех гьаби.**

**А. Эффенди Капиевасул г1умруялъул ва творчествоялъул х1акъалъулъ суалаздалъун бицинабила.(Гьединго гьесул х1акъалъулъ бицине 1-2 ц1алдохъан вахъинавила)**

**1.Щиб кьун бук1араб рокъобе лъазабизе?**

**2.Щив кколев Эффенди Капиев?**

**3.Лъил хъвадарухъан кколев Эффенди Капиев?**

**4.Щиб росулъ гьавурав хъвадарухъан?**

**5.Чанабилеб соналъ гьавурав ва хварав Эффенди Капиев?**

**6.Рокъобе кьун бук1араб гьесул асаралда ц1ар щиб?**

**Б. «Разведчикал»-асаралъул х1асил бицине ц1алдохъаби рахъинари.**

**III.Ц1ияб тема малъи .**

**А)Гъорлъе лъугьиналъул накъит. Ц1аралъ бах1арчи гьавуларо ,бах1арчияс ц1ар гьабула –абураб кици нужеда кин бич1ч1улеб?Ц1алдохъабазда лъач1они муг1алимас жинцаго бицина(-Кинав чиясда абулеб бах1арчи?/х1инкъи –къай лъаларев къвак1арав,къуркьи гьеч1ев г1олохъанчиясда/,Нилъеда лъала нилъер Дагъистаналда хасго маг1арулазда гьоркьор т1ирит1арал бах1арзазул ц1арал Шамил,Х1ажимурад ва гь.ц.гьел ц1арал лъола гьезул бах1арчилъиялъ гьезул г1амал-хасияталъ гьезда релълъарал васал лъугьинеги бокьун ,амма гьезул ц1арал лъунин абун гьезул бах1арзал рахъунищ?Рахъунаро.Бах1арчиял ишалги гьаруни бах1арчияб г1амал-хасиятги  гьев васасулъ бугони гьес жиндирго ц1ар раг1изабизе рес буго .Т1аде къо ккараб мехалъ,зах1малъи бихьараб мехалъ лъала гьев унго-унгояв х1инкъи гьеч1ев, къо хьехьолев ,Ват1аналъе г1оло ,халкъалъе г1оло, къ1уркьич1ого ,бер къач1ого,рагъуе вахъунев бах1арчи. Нилъер тарихалда жаниб бат1и-бат1ияб заманалда жаниб т1аде к1анц1ана тушбаби.Гьезда данде рахъарал ва бах1арчиго рагъарал маг1арулал г1емерал руго .Гьезул киназулго ц1арал рик1к1ун х1ал к1оларо ,амма нужеда щивасда т1адаб буго нужерго росдал,шагьаралъул бах1арзазул х1акъалъулъ лъазе.(Ц1алдохъаби рахъинарила гьезул х1акъалъулъ къокъго бицине)**

**Б)Муг1алимас к1вараб пасих1лъиялда лъалхъич1ого лъуг1изег1ан хабар ц1алила.**

**IV.Х1асил бич1ч1ун бугищали хал гьабизе суалал кьела:**

**-Нужее хабар бокьанищ?**

**-Бищунго щиб нужее гьаниб бокьараб?**

**Хабаралда рехсарав кинав героясул ц1ар нужеда рак1алда ч1араб?(Х1ажи Ибрагьимовасул)**

**V. Баян кьовул ц1али г1уц1ила.Рич1ч1уларел рег1аби ратани,рат1аросун хъвазе т1адкъала.Цо-цо абзац цо-цо ц1алдохъанасда ц1ализабила ва суалал кьела.**

**1.Разведчикасул пишаялъул х1акъалъулъ щибилан авторас абулеб бугеб ?(Къвак1и-швак1и гьеч1ев чиясе ,жиндирго напсалъул гурони ургъел гьеч1ев чиясе талих1 кьоларо,бергьенлъи босула нахъекъайги лъаларел ,т1адег1анаб намусалъул ва бац1ц1адаб рак1алъул бах1арзаз)**

**2.Щиб нужеда лъараб маг1арул вас Х1ажи Ибрагьимовасул х1акъалъулъ?**

**3. «Рагъулъ г1емер ургъулез бах1арчилъи гьабуларо»-ян абураб умумузул васият разведчиказ кин т1убазабулеб бук1араб?(Рагъда хвалил пикру гьабулев чи гьев ккола х1алихьат. Т1аде къо ккараб мехалъ,зах1малъи бихьараб мехалъ лъала гьев унго-унгояв х1инкъи гьеч1ев, къо хьехьолев ,Ват1аналъе г1оло ,халкъалъе г1оло, къ1уркьич1ого ,х1инкъич1ого,бер къач1ого,рагъуе вахъунев   бах1арчи.)**

**4.Разведчикасул рек1елъе х1инкъи кколищилан Ибрагьимовасе кьураб суалалъе гьес щиб жаваб гьабураб?(Т1ехьалдаса ц1ализе т1адкъала)**

**5.Рагъул х1акъалъулъ Ибрагьимовасул пикру кинаб бугеб?**

**6.Рагъда ккараб тамашаяб ишалъул х1акъалъулъ хъвараб бак1 бате ва ц1але.**

**7.Г1акъилаб халкъияб биценалъул х1акъалъулъ щиб нужеда лъараб?**

**8.Рагъда хвалдаса ц1унулеб сабаблъун щиб батараб?(Гъалбац1алъулаб бах1арчилъи, къвак1и ,къо х1ехьей,х1инкъи гьеч1олъи)**

**9.Хабаралъулъ Х1ажи Ибрагьимовасул рагъулаб бажариялъе аслулъун кинал г1амалал тун ругел?(Бер къач1ого иш гьаби ва таваккал)**

**VI.Муг1алимас г1аммаб х1асил гьабила .**

**«Сабаб»-абураб очеркалда Капиевас рик1к1ада маг1арул росулъа г1олохъанав маг1арулав Ибрагьимовасул образ рагьулеб буго.Гьесул бит1ккеялъе ва рагъулаб бажариялъе аслулъун буго к1иго г1амал:бер къач1ого иш гьаби ва таваккал. .«Рагъулъ г1емер ургъулез бах1арчилъи гьабуларо»,-ян абула маг1арулаз. Хвалил пикру гьесул бот1ролъе цоники нухалъ бач1инч1о ,разведчикасул ярагъ-бах1арчилъи кколилан абулеб буго гьес.**

**10.Рокъобе кьела т1ехьалъул т1адкъаял т1уразе ва къокъаб х1асил бицине. «Ват1ан хириясе хвел бук1унаро» -ян абураб кициялдаса гьит1инабго сочинение хъвазе.**

Гьаб дарсил план х1адур гьабуна Хасавюрт шагьаралъул МКОУ СОШ №17 –абилеб школалъул муг1алим Бадрудинова Заира Тажудиновналъ

**.**

**5.**

II